**Нохчийн литературин хьехарансахьт**

**Класс: 10**

**Хьехархо:** Делимханова Асет Амрудиновна

**Урокам тема:** 1812-чу шеран т1еман турпалхочун инарла-майоран Александр Чеченскин васт.

**1алашо:**1. Повестан хиламашкахула коьртачу турпалхочун дахар, цуьнан амал кхиаран хьелаш исбаьхьаллица довзийтар, Pisa проектаца дог1уш (читательская грамотность) кхетамца йеша хаар

2, Вайн заманан кегийрхой, ишттачу турпалхойх масалла а оьцуш г1иллакх-оьздангаллица кхиор

3. Нохчийн литературе болу безам алсамбакккхар.

**Г1ирсаш:** учебникаш, тетрадаш, компьютер, суьрташ, докладаш, интерактивни у, презентации.

**Урок д1айахьар**

**1.Мотиваци йалар**

**Хьехархо:** Де дика хьулда шун массера а! Тахана вай д1ахьур ю литературин урок. 18-19 б1е шарахь паччахьан эскарша а нохчийн ярташ ягочу хенахь, 1ожалла ца хиларна, дийна дисира масех нохчийн бер. Цара Российн историехь йовр йоцу лар йитина. Нохчийн доьзалшкахь ца кхиина уьш. Вайн г1иллакх, оьздангалла йовза аьтто ца хилла церан. Амма кхиъначул т1аьхьа самайаьлла хилла церан синоьздангаллин мехалла. Цхьа жоьпаллин киртиг т1ех1оьттича нохчашна юккъехь 1ийначу нохчаша санна къастош хилла цара шайна т1ех1оьттинарг. Иштта болчарех йоккхайе со, церан нохчаллех даггара дозалла до ас.

**Видеоролик гайтар**

«Хьан бах хьо, сан Даймохк, йаханчу хенахь
Йоза а хьайн доцуш, б1арзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан т1улган белшахь
Гуш ду-кх йаздина сан дайшка кхаьчнарг.
Чевнаш д1айирзина, х1иттина моьнаш,
Уьш ду-кх хат1 к1орга йаздина йоза.
Ас йоьшу цуьнца хьан къайлаха чевнаш,
Эхь-бехк а, къийсам а – б1ешерийн ойла.»

**Мамакаев М.**

- Ша-тайпа ц1ена безам, шен Даймахках, халкъах доглазар го вайна Мамакаевн дешнашкахь. Оцу мог1анашца, даккхий тептарш деша ца оьшуш, б1ешерийн къийсам, хало, бала, лазам кхачабо авторо вайн дегнашка шен говзачу дешнашца. Оцу байте ладоьг1ча шуна муха хета, стенах лаьцна дуьйцур ду вай таханлерчу урокехь?

Сценка:

Кутузов (иза кресло-г1анта т1е хууш)

Давыдов: – Хьан сийлалла, бехк ца биллар доьху оха, х1окху бедарца хьайна хьалха х1иттарна

Кутузов:- Т1ом халкъан бу, сан хьомениг,аша дийриг дерриг нийса ду. Суна бен мА дац , цхьаннан коьртахь , кивер а йоцуш,куй хилар,кхечуьнан мундира к1ела а доцуш, кетар к1ел детталуш дог хилар а. Доллучул коьртаниг ду, шуна халкъ г1атто хаар.

Давыдов:- Оха ца г1овтийна адамаш, мостаг1чуьнга болчу цабезамо г1овтийна уьш.

Хьан кхайкхамна берриш ахархой г1еттина. Ткъа оха царна луш долу герз мостаг1чуьнгара схьадоккхуш дерг ду. Бекх ца биллар доьху, хьан сийлалла, леррина омра доцуш оха иза дарна.

Кутузов: – х1умма дай! Х1умма дац! Омра кхачаре хоьжуш 1ен хан ма яц вайна. Даймохк к1елхьарбаккха беза х1ораммо.

Кутузов: –Чеченскига – Чергазийн мотт хаьий хьуна?

Чеченский: - Нохчийчуьра схьавалош со жима вара. Россехь кхиъна со, сайн ненан мотт бицбелла бог1у.

Кутузов – суна хазарца, хьуна ц1е тиллинарг Раевский Николай Николаевич ву-кх? Со воккхаве Николай Николаевичах, т1еэцна к1ант цуьнан иштта хиларх.!

Хьехархо: Вайна хьалха исбаьхьа х1оттийначу суьрта т1ехь берш бевзарий шуна? Муьлхачу произведенера бара и турпалхой.

**Дешархо:** 1умар Гайсултановн «Александр Чеченский» повестан турпалхой бу уьш. Фельдмаршал Кутузов, Денис Давыдов, Александр Чеченский.

## 2.Целеполагани

**Хьехархо:** Х1инца вай къастош ерг муьлха произведени ю-м хиира вайна.Ткъа урокан ц1е муха хир ю аьлла хета шуна.

**Дешархо:** вай вуьйцу турпалхо Александр Чеченский хилча, урокан ц1е Александр Чеченскийн васт хир ду аьлла хета суна.

**Хьехархо:** Урокан ц1е Александр Чеченскийн васт хилча 1алашо х1ун хир йу вайн урокан

**Дешархо:**

1. Повестан хилламашках1ула коьртачу турпалхочун дахар, цуьнан амал кхиоран хьелаш исбаьхьаллица довзийтар, Pisa проектаца дог1уш (читательская грамотность) кхетамца йеша хаар

2, Вайн заманан кегийрхой, иштточу турпалхойх масалла а оьцуш г1иллакх-оьздангаллица кхиор,

3. Нохчийн литературе болу безам алсамбаккхар.

**Хьехархо:** Нийса билгалъяьккхи ахь вайн урокан тема, 1алашо а. Тахана вайн достур ду г1араваьллачу турпалхочун васт, Дуьйцур ду цуьнан т1еман говзаллех, т1ех1ийттинчу халонашна хьалха иза гора ца хоттарх лаьцна, аьтто хир бу цу хенан хиламашка кхача.

## 3.Актуализаци

Хьалхарчу урокехь повестан чулацам къасточу хенахь вай билгалдаьккхира Александр Чеченски къонах хилар. Цуьнца боьзна ц1еран болх бара шун. Къонахаллех лаьцна стихотворени, кица йа шира дийцар кечдан дезара аша. Кийча дуй шу?

**Дешархо:** Аса юьйцур Ахьмад Сулеймановн стихотворени « Къонахчун дош»

«Къонаха мила ву?
И меллалц веха?» -
Хаьттира ахь соьга
Шуьнехь Iаш вай.
- Дерриг а дуьне ду
Къонахчун меха!
ХIар дуьне-м къонахийн
Белшаш тIехь дай!

Ламанца дин лелац,
Ца хилча ленаш,
Уьш кхачаделлачохь
Соцуш бу дин…
Иштта бу къонахий,
ХIар дуьне латтош.
Къонахий дIабевлча –
Духур ду и!

Къонаха вехийца
Даймехкан сийнна,
Даймехкан сий лардеш,
Вала и ле!
Ле иза, кхин ваха
Ца лууш санна,

Ленвоцчу сийлалле
Кховдаеш цIе!

Къонахийн собар ду
Лекха лам баккхал,
Собар ду сов доккха,
Кхача ца луш!
Къонахийн собар
Кхачийча-м, боккъал,
ХIар маьлхан вайн дуьне
Духур ма ду!

«Къонаха мила ву?
И меллалц веха?» -
Хьаттира ахь соьга,
Шуьнехь Iаш вай.
- Дерриг а дуьне ду
Къонахчун меха!
ХIар дуьне-м къонахийн
Белшаш тIехь дай

**Хьехархо:** Дела реза хуьлда. Хаза йийци ахь и. Дика кечам бина хилла ахь.

Дешархоша рог1аллица д1адоьшу кицанаш

- *Даймохк безаш воцург къонах вац*

*-Яхь йоцу к1ант Даймахкана хьакъ вац.*

*-Майра хиларх ца олу стагах къонах ву.Адамашна пайдехь волчух олу дика къонах.*

*-Къонахчун ц1е халкъо йоккху. Ша шен ц1е яккхарх къонах ца хуьлу.*

*-Стаг шен дешан да хила веза. Шен дешан да воцург къонах ца хилла я хир вац.*

*-Вуьззина къонах цкъа а шен бала балхош вац.*

**Хьехархо:** Вуно хаза кицанаш далий аша. Къонахаллех лаьцна дуккха кицанаш хилла вай, цо гойту вайн халкъанна даима мехала хетарг- къанахалла хилар.

**Дешархо:** Ас дуьйцур ду«Къонахийн зама» ц1е йолу шира дийцар.

**Дешархочо дуьйцу «Къонахийн зама» шира дийцар**

Муха хийти шуна шира дийцар? Х1ун кхетам бели цо вайна?

**Дешархо:**Дийцар ч1ог1а хаза а, маь1на долуш ду. Оцу дийцарца со кхийтистеган къонахалла цкъа баьккхинчу толамехь, гайтинчу доьналлех билгалдаьлла 1аш цахилар. Даима цуьнца долчу г1иллакхца, цо дечу кегийрачу а, даккхийчу а г1уллакхашца, цуьнан тешамца, къинхетамца билгалдолуш хилар.

**Хьехархо:**Ахь нийса боху. Баркалла хьуна. Ма ч1ог1а маь1не а, чулацам а болуш дийцар ду и, вайна  масала эца а вешан дахарехь. Ахь и ч1ог1а хаза дийци, Дела реза хуьлда хьуна.

**4.** **Керлачу теми т1ехь болх бар**

**Хьехархо:** Х1инца вай повестан хиламех, авторах лаьцна хаарш карладаккхур ду.

Мила ву «Александр Чеченский» повестан автор? Х1ун хиламаш бу цу т1ехь буьйцуш?

**Дешархо:** «Александр Чеченский» исторически повестан автор 1умар Гайсултанов ву. Шен авторан билгалдаккхарехь цо яздина «Александр Чеченский» книга йазйан волавалале ша архивни материалашца дукха болх бира, исторически бакъдолчунна т1ехь язйина йу повесть. Повестан сюжет чолхе яц, цу т1ера хиламаш шайн кхиарехь гайтина бу. И бахьанехь долуш яздархочун таро хилла шен турпалхоша деш долу г1уллакхаш кхоччуш дуьззина гайта, церан амал, дог-ойла, сатийсамаш ма-барра гучубаха. Коьртачу турпалхочух, Александр Чеченскийх, бозабелла бу повеста т1ера хиламаш. Дуккха исторически хиламаш чулоцуш ю «Александр Чеченский» повесть.
-18-чу б1ешарахь шейх Мансур коьртахь а волуш, нохчаша а, кхечу Къилбаседан Кавказера къаьмнаша а паччахьан эскаршна дуьхьал шайн парг1атонехьа латтош болу къийсам.
-19-чу б1ешарахь Европехь цхьанакхеттачу эскарша Наполеонна дуьхьал бина т1емаш. -1812 –чу шарахь хилла Даймехкан т1ом.

**5.** **1аминачу коьчалах пайда эцар**

Хьехархо

**1.**- х1инца аша шайн тобанан ц1е тилла еза ( къонах, яхь,маршо)

Х1ора тобанна луш т1едиллар ду (бека мукъам)

1)* Дешнашца А.Чеченскин куц-кеп х1оттадар. Александр Чеченскийн жималлех лаьцна дийцар

2)*Йийсар вича цуьнан кхолламех лаьцна

3)*А.Чеченскин шен Даймехка цахиллачу уьйрах лаьцна

(И кхочушдан 4 минот хан ю)

**2.**Х1инца аша цхьаболчара и г1уллакх кхочушдешшехь, вай хьовсур ду вайн

пох1мечу тобано кечйинчу видеоролике «Мила ву къонах». Ас царна дина т1едиллар дара, дешархошка хаттам бан «Къонах бохучух муха кхета, мила ву къонах, бевзий дешархошна вайн къоман къонахий» аьлла. Самира, шу кийча дуй?

**Видеоролик гойту.**

- Дукха хаза кечйина видеоролик йара. Баркалла шуна!

- ✓ Шуна муха хийтира?
- ✓ Керла х1ума хиирий шуна?
- ✓ Ткъа и болх беш, хаарш совдевлирий шу?

**Дешархо:** Тхуна и хаттам пайдехьа хилира, ца хуург тхаьшна девзира, дешархошна довзийтира, вайн йиш йац вешан къоман турпалхой бицбан.

Цунна лерина луш бу и болх. Ша лехна хаам дагах дика кхета.

**Хьехархо:** Ойлайай алийша муьлхачу синмехаллаша г1о дина 1алин? (ЯХЬ, къонахалла,оьздангалла,г1иллакх, майралла, доьналла,хьекъал, тешам)

**6. Х1инца тобаншкахь белла болх толлур бу вай «Александр Чеченскийн васт х1оттор». Кийча дуй шу?**

Х1ора тобано схьадуьцу шаьш кечдинарш.

**<u>7. Сада1аран миноташ</u>**

Х1инца «Г1иллакхийн хьоста» самукъане къовсам д1ахьур бу вай, жимма са а до1уш. Къонахчуьн амалш шуна дика йевзий хии вайна. Х1инца вай хьовсур ду и къонахий схьабевллачу вайн къоман г1иллакхаш шуна мел девза .

*1.Вайн нохчий тешам болуш къам хилар билгалдоккхуш, нохчашкахь бен дан а доцуш, цхьа г1иллакх ду. Муьлха г1иллакх ду и?*

*2. Т1е куьг кховдийча а, коьрта т1ера масс цуьнан хьайича а, ч1ире диллал зулам лоруш, дийнна тайпана т1е эхь дужуш, нохчаша лоруш дерг х1ун хила, и мостаг1 велахь а?*

**<u>7. Рефлекси.</u>**

**Хьехархо:** Х1инца вешан урок йерзош, рефлекси йийр йу вай. И г1уллакх кхочущдеш суна хьахо лаьа, х1ара шо нохчийн меттан шо хилла ца 1аш, йешаран шо а хилла хилар. Цундела, и читательская грамотность, цуьнан 1алашо вайна кхочушйан йеллий хьовсур ду вай.

**Уьн т1ехь гойту: «Читательская грамотность** – это не синоним начитанности или хорошей техники чтения, а способность **понимать, использовать и анализировать прочитанное»**

Айхьа йоьшучух кхетар, цунах пайда эцар, цуьнан маь1на дар, и дахарехь лело хаар ду боху кхузахь коьртаниг.

- Шу реза дуй цуьнца?
- Дика ду т1аккха, шу кхеттий т1аккха шаьш йешначух?
- Ткъа йуьхьанца вай кхача леринчу 1алашонашка кхечин вай, х1ун аьлла хетташуна?

**- Цунах пайда муха эца хаа деза? (дешархойн герггара жоьпаш)**

- И повесть йешаро цкъа делахь маршонан хьал довзуьйту вайна;
- Шолг1а делахь, Даймахкана мел гена валарх, ша схьаваьлла бух, ненан мотт, дайн г1иллакхаш дицдан ца дезар гойту;
- Хьо лара ца вечохь, дог дилла сих а ца луш, собар хила дезий гойту цо;
- Адамашца, де тоьллера аьлла, к1оршаме хила ца везий, г1иллакхах воха ца везий гойту цо;
- Т1аккха, вайн урок йолалуш, ваьшна хьалха х1иттийнчу 1алашонашка кхечин вай?
- Иштта дахарехь стеган сий т1е, цуьнан маршонна т1е кховда мегар доций гойту повесто. Нохчийн къоман уггар деза лоруш ши х1ума ду и шиъ.

**8. <u>Ц1ахь кхочушдан дезарг.</u>**

- Дика ду, х1инца ц1ера болх буьйцур бу вай.

Х1ораммо шена цхьа тема а хаьржина сочинени йазйе. Ткъа иштта повестехь

шайна кхета хала долчу дешнашна къоламца буха сиз хьакха. Цаьрца болх бийр бу вай йуха урокехь.

Хьехархо: Цхьана философа аьлла «Адамера дерриг схьадаккхалур ду,цхьаъ доцург-маршоне болу лаам. Иштта дан а ду иза. Цуьнан масала ду Александр Чеченскин дахар. И маршо шен цхьанна езна ца 1аш, шен гонах болчарна а еза цунна. И бахьана долуш шен крепостхой парг1атбаха лаьа цунна, амма 1едалан гергахь и нийса хир доцийла хаьа, шен далучу аг1ор къехошна г1о до цо.

Слайд гайтар (иэс Александр чеченский)

Вайн халкъехь олуш ду: шен бийца къонахий боцург-къам дац, шен дийца къам доцург-къонах вац. Нохчех схьаваьлла волуш, и нохчалла шен дахаран чаккхене кхачош ваьхначу турпалхочун - Александр Чеченскин, иштта муьлххачу заманчохь хилла болу къонахий: Зеламха а, шейх Мансур а, Байсангур а,Нурадилов Ханпашаа, Висаитов Мовлади , массане бу уьш - бевзаш, ца бевзаш, даимна сий дийр ду вай церан.

«**Къонах**» боху кхетам 1аламат мехала бу т1екхуьу т1аьхье оьзда, хьекъале хьалакхиорехь. Иза х1ора беран, жимчу стеган дагчохь хила а деза. Х1ора нохчо, ша дуьненахь мел веха, кхийда а веза «**къонах**» ц1е йолчу сийлахьчу лакхене.

Дешархоша бинчу белхан мах хадор:

Аша массара дика болх бина , делахь суна лаьа аша шаьш шайн белхан мах хадо.